Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

# PAST EXAM QUESTIONS 1989 – 2017

# 3159/2 – GRAMMAR [MUTAURO]

# ORDINARY LEVEL – OCT/NOV SESSION

PAST EXAM QUESTIONS 1989 2017 GRAMMAR



**1989**

**1a)** Zita rinoti VASIKANA, riri mumupanda wechipiri (2), rakaumbwa nechivakashure VA- ne- dzitsi – SIKANA. Tinogona kuumba mamwe mazita eimwe mipanda nedzitsi iri tichishandisa zvimwe zvivakashure zveimwe mipanda, sokuti:

| **Chivakashure** | **Dzitsi** | **Zita** | **Mupanda** |
|---|---|---|---|
| mu- | -sikana | musikana | 1 |
| svi- | -sikana | svisikana | 19 |

Zvino iwe chiumba mazita akowo anokwana masere (8) uchishandisa dzitsi iri

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

sezvataridzwa. Zita rimwe nerimwe ngarive nechivakashure chimwe chete chete.
**b)** Nyora zvivakashure zvina (4) zvisingakwanisi kuumba zita kana zvichibatanidzwa nedzitsi rinoti –KOMANA. Doma mupanda wechivakashure chimwe nechimwe chawanyora. **[12 ½]**

**2a)** Mazwi ose aya anonzi maCOPULATIVE. Nyatsoaongorora ugotitsanangurira zvizere kuti ma*copulative* echiShona anoumbwa sei.

| | | | |
|---|---|---|---|
| ndibaba | chingwa | imbudzi | ndeichi |
| ihobvu | tisu | ndiro | vana |
| ndowangu | ndaVaMoyo | mumba | ndaava |
| isadza | vatete | ndisu | ndiVaJona |

**b)** Mazwi ose aya anonzi maIMPERATIVE. Nyatsoaongorora ugotitsanangurira kuti ma*impe- rative* echiShona anoumbwa sei.

| | | | |
|---|---|---|---|
| tuma | sekai | chipe | inzwai |
| zvionei | vatume | musapa | usamurova] |
| usatuma | inzwa | ndiregei | musaenda |

**[12 ½]**

**3a)** Izwi rokuti RICHATAURA rinogona kuputswa pachibuda twunhu twakariumba (sokuti, ri- cha-taur-a). Zvino iwe chiputsa izwi rinoti TICHADZIBAYISIRANA uchidoma twunhu twakariu- mba.
**b)** Izwi rinoti VAKAURAYA rinogona kumirira ma*mood* mana. Chititaurira kuti ndaapi ma*mo- od* acho.
**[12 ½]**

**4** Muchirevo chimwe nechimwe chezvinotevera mune zvinhu zviviri chete zvakakanganiswa zvinoita kuti chirevo chisave chiShona chakanaka. Nyatsoongorora zvirevo izvi wozotitaurira zvakakanganiswa zvacho.

a) Ichi ichikoro cheshamwari yeTawanda.
b) Sosana aruma nemago akachemeka.
c) Rugomana rwasisi wangu rwabata hove kuru.
d) Musikana vadya sadza nanyama.



e) Taka batsira chembere yomwoyo chena.
f) Baba vawana bawa ravarwa nokuti vanonoka.
**[12 ½]**

**1990**

PAST EXAM QUESTIONS 1990 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**1** Mazwi anotevera anodaidzwa kunzi zvidudziramazita (Qualificatives).
Nyatsoaongorora ugoita izvi:
**a)** Tipe rudzi (mhando) rwedudzirazita racho.
**b)** Tipe mupanda kana mipanda yemazita anodudzirwa acho seizvi:

| **Dudzirazita** | **Rudzi** | **Mupanda** |
|---|---|---|
| yekudya | Chirevamwene | 4,9 |
| wake | _____ | _____ |
| umu | _____ | _____ |
| rimwe | _____ | _____ |
| machena | _____ | _____ |
| vaChipo | _____ | _____ |
| uko | _____ | _____ |

**[12 ½]**

**2** Nyatsoongorora zvirevo zvinotevera ugotipa *mood* yechiito chakanyorwa nemavara mate- te (italics).

**a)** Kuti tikasire kusvika kuchikoro *ngatifambisei*.
**b)** Akaenda kumunda ndokusiya vana *vachichema* nenzara.
**c)** Iwe mukomana mukuru *mhanya* unodaidza vasara kumunda.
**d)** Akarohwa *akawira* pasi.
**e)** Ndipei mazwi *anodudzira* mazita maviri.
**f)** *Anowanza kuuya* kuno mazuva ose.
**[12 ½]**

**3** Chimwe nechimwe chezvirevo zvinotevera chine chiito chakavandurirwa.
**a)** Nyora chiito chacho.
**b)** Tipe rudzi rwechivanduriro chacho.

**i)** Penzura yangu hainyatsobatika.
**ii)** Misikanzwa yake ndiyo inoita kuti arohwe.
**iii)** Zino irema rinosekerera warisingadi.
**iv)** Sekuru vaenda kumunda kunodyarurura nzungu dzisina kumera zvakanaka.
**v)** Mhepo ndiyo yakapfurunura denga remba yechikoro.

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**vi)** Unotofanira kushingirira kana uchida kupfuma.



**vii)** Zvokugara muchitukana hazvina unhu.

**viii)** Bhuku iri rine ngano dzinosetsa. **[12 ½]**

**4** Nyatsoongorora mazwi aya wozopindura mibvunzo inoatevera:

| | | | |
|---|---|---|---|
| iyi | chena | icho | chino |
| avo | iri | badza | vedu |
| mumwe | mai | kure | mberi |

Umba *copulative* kubva pane rimwe nerimwe rawo. Usadzokorora kushandisa sungawirira- no yawamboshandisa.
**[12 ½]**

**1991**

**1a)** Nyora mazita ezvivanduriro zvezviito ZVITANHATU (6) zvaunoziva.
**b)** Kubva pazvivanduriro zvawanyora sarudza ZVINA (4) chete ugozvishandisa muzvirevo uchiburitsa pachena zvazvinoreva.Unosungirwa kushandisa chivanduriro chimwe chete mu- chirevo choga choga.
**c)** Nyora chirevo chimwe chete chine chiito chimwe chete chine zvivanduriro ZVITATU (3) zviri pamwe chete.

**2** Nyora zvakare zvirevo zvinotevera uchitevedzera zvanzi uite. Usazoshandura zvirevo izvi kudaridza zvawanzi uite.

**a)** Varume vakareba havatengi mabhachi akatsvuka.
(Panzvimbo pe*Relative* isa chipauro.)

**b)** Mukomana uya ane mhopo padama anodada.
(Panzvimbo pechivakashure *mu-* isa chivakashure chomupanda 5.

**c)** Mbavha yakanwa mabhodhoro ese edoro. Mbavha yakaba mari ndokutiza.
(Batanidza zvirevo zviviri izvi zvive chirevo chimwe chete uchiita kuti chirevo chokutanga chi- ve mu*Participial*.)

**d)** Takazo vara chikoro bazi ratoti siya.
(Gadziridza zvose zvakakanganiswa.)

PAST EXAM QUESTIONS 1990 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**e)** Kare taigara munzvimbo dzine shumba.
(Ita kuti mazwi ose anogona kuiswa munegetivhi ave munegetivhi.)



**f)** Mugomo iri mune shumba dzinodya vanhu.
(Ita kuti chirevo ichi chisareva zvunhu zvakawanda *(ambiguous)* ) **[12 ½]**

**3** Nyatsotarisisa chindima ichi wozopindura mibvunzo inotevera.

'Gwaro rino ibumbiro remadetembedzo akanyorwa navanyori vakasiyana-siyana. Mubumbi- ro iri ndaisawo madetembedzo andakaunganidza andinofunga kuti ndidzo nheyo nehwaro hwenhorimbo mumutauro wedu wechiShona.'

**a)** Tiudze kuti twunhu twakaiswa mutsetse pasi tunonzii.
**b)** Nyora mazwi MANA (4) anonzi ma*Possessive* ari muchindima ichi.
**[12 ½]**

**4** Nyatsotarisisa mazita aya wozopindura mibvunzo inoatevera.

| | | | |
|---|---|---|---|
| rukova | chirimi | ukama | kapuka |
| rutivi | rwizi | usimbe | chisero |

**a)** Nyora MADZITSI chete amazita aya.
**b)** Umba mazita omupanda wegumi uchishandisa madzitsi awanyora pa(a).
**c)** Nyora chirevo chimwe chete china mazwi MANA (4) asi usingashandisi chiito.
**[12 ½]**

**1992**

**1** Chimwe nechimwe chezvirevo zvinotevera chinogona kureva zvinhu zvakawanda. Tsana- ngura ZVIVIRI chete zvinogona kurehwa nechirevo chimwe nechimwe.

a) Baba vomwana uyu vane musoro.
b) Rudo anyorera shamwari yake tsamba.
c) Vana vakasvika vachinyora.
d) Amai vakarovesa mwana neshamhu.
e) Ndakabata shamwari yangu muromo. **[12 ½]**

**2** Mazwi anotevera mazita (Nouns).

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

gaba, Gaba, churu, Zizi, mukadzi, zizi, chapungu, kana, mwana, chingwa, mberi.

**a)** Ronga mazita awa uchiaisa mumipanda yawo.
**b)** Mazita anoumbwa sei muShona uye ipa muenzaniso wemazwi ari pamusoro uchishandisa zita rimwe chete kubva mumupanda mumwe nemumwe.
**[12 ½]**



**3** Nyatsoverenga zvirevo zvinotevera ugopindura mubvunzo.

**a)** Munyai akatumira mari kwavatezvara.
**b)** Akarohwa nematsotsi akakuvara chaizvo.
**c)** Vakomana vaya vapinza mombe dzavo mumunda.
**d)** Tavabata vachirovana zvikuru.
**e)** Nyatsoongorora zvirevo izvozvi.
**f)** Vanhu vanga vakaungana pamusangano.

Muchirevo choga choga chiri pamusoro apo mune chiito chine chivanduriro (verbal ext- ension) Pachirevo chimwe nechimwe nyora:

**i)** chiito chacho chine chivanduriro
**ii)** mudzi wechiito (verb root)
**iii)** chivanduriro chacho uye zita racho

**Muenzaniso**
Munyati akapfurunura imba kwatezvara
i) akapfurunura
ii) –pfur –
iii) –unur – reversive extension
**[12 ½]**

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

**4a)** Ita kuti mazwi aya anotevera ave maPOSSESSIVE uchishandisa POSSESSIVE CONCORD ya- kasiyana paizwi rimwe nerimwe.

| | | | |
|---|---|---|---|
| ichi | izvo | urwu | apo |

**b)** Ita kuti mazwi aya ave maCOPULATIVE

| | | | |
|---|---|---|---|
| mumwe | chino | sekuru | chena |

**c)** Ronga mazwi aya uchiti anogona kubatana neADVERBIAL FORMATIVE "**na-**" woaisa pawo oga, anobatana na "**ne-**" woaisa pawo oga.

| | | | |
|---|---|---|---|
| badza | Zambezi | rwizi | tsika |
| tsuro | ini | ivo | Nyamavhuvhu |

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**[12 ½]**

**1993**

**1** Uchishandisa nzira dzinotevedzwa mukupatsanura mazita muchiShona achiiswa mumipa- nda, tsanangura zvinotevera:

**a)** mutsauko uri pakati pa**mu-** yomupanda 3 na**mu-** yomupanda 18.
**b)** mutsauko uripo pa**va-** mupanda 2 na**va-** mupanda 2a



**c)** zvinoita kuti mazwi aya; chingwa, chara, churu ave mumupanda wechinomwe (7)
**d)** zvinoita kuti mazwi anoti baba, gumbo, mombe, asave mumupanda mumwe chete.**[12 ½]**

**2** Tsumo yokuti kuzvara hakuna hombarume yakafanana neyokuti mugoni wepwere ndousi-nayo. Ingangotsanangurwa sokudai izvi: Musango munoendwa navanhu vazhinji kundovhi- ma asi hombarume ndiye anobata mhuka nokuti inyanzvi; asi pakuzvara vana hapana nya- nzvi nokuti munhu muuya anokwanisa kuita mazengeya avana.

Kubva muchindima ichi tipe:

**a)** mazwi matatu ari mu*Copulative*. **(3)**
**b)** zviito zvitatu zviri mu*Infinitive*. **(3**
**c)** mazita maviri omupanda 9. **(2)**
**d)** zvipauro (*adjectives*) zviviri. **(2)**
**e)** chiito chimwe chiri mu*Potential*. **(1)**
**f)** chiito chimwe chakavandurirwa. **(1)**
**g)** chirevamwene chimwe chete. **(½)** **[12 ½]**

**3a)** Shandisa zviito izvi muzvirevo uchiburitsa zvinoreva zvivanduriro zvakataridzwa.

**i)** –rova (passive)
**ii)** – bata (neuter)
**iii)** – rima (applied)
**iv)** – shinga (perfective)
**v)** – mhanya (causative)
**vi)** – tuka (reciprocal)
**vii)** – dyara (repetitive)

PAST EXAM QUESTIONS 1989-2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**b)** Shandisa chiito VAKAFAMBA sezvachiri muzvirevo zvina (4) uchiita kuti chiito ichochi chi- ve mu*mood* yakasiyana muchirevo choga choga.
**[12 ½]**

**4** Nyatsocherechedza mazwi anotevera ugopindura mibvunzo inoiswa mumashure.

| | | | |
|---|---|---|---|
| irwo | ichi | itwo | iri |
| izvi | ini | iyi | iye |
| imo | ayo | ipo | umo |

**a)** Isa mazwi aya muzvikwata zviviri zvakakodzera ugotipa zita rechimwe nechimwe chezvi- kwata zvawaita.
**b)** Tsanangudza uchitaridza maumbirwo emazwi ari muchikwata chimwe nechimwe.
**[12 ½]**



**1994**

**1** Mazwi ose anotevera zvidudziramazita (*Qualificatives*).

| | | | |
|---|---|---|---|
| mumwe | mutema | tumwe | wavo |
| dzedu | rwose | kuno | kamwe |
| nhema | mashoma | mirefu | rumwe |
| vose | yaakaona | ino | |
| chavo | zvawataura | uno | |
| voga | zhinji | ratinofarira | |

**a)** Sarudza zvidudziramazita zverudzi rumwe chete wozviisa pazvo zvoga. Ita izvi kusvikira wapedza zvidudziramazita zvose.
**b)** Taridza kuti zvidudziramazita izvi zvinoumbwa sei uchipa semuenzaniso chidudzirazita chi mwe chete kubva parudzi rwoga rwoga.
**[12 ½]**

**2** Nyatsoverenga zvirevo izvi kuti zvigokubatsira kupindura mibvunzo inoiswa mushure ma- zvo:

**a)** Varume <u>itsoro</u> yaunotamba wakachenjera.
**b)** <u>Ndini</u> rufu muchandiona.
**c)** Munhu <u>munhu</u> hazvienzani nembwa.

Mazita ane mitsetse pasi anonzi ma*Copulative*. Hatigone kuti "varume ndipwere", nokuti /ndi-/ haafambirane na*pwere* mukuumba ma*Copulative*.

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

Zvino iwe chitsanangura kuti mavara okuita ma*Copulative* aya anotevera anofambirana ne- mazwi api.

**a)** /ndi-/
**b)** /i-/
**c)** kukwidza izwi (High Tone)
**d)** /nda-/
**[12 ½]**

**3** Mazwi ose ane mitsetse pasi pawo muzvirevo zvinotevera tingati madudzirazviito (*adve- rbials*). Nyatsoaongorora kuti agokubatsira kupindura mubvunzo unotevera:

**i)** Akarohwa nemukoma wake.
**ii)** Akamurova nechamboko.
**iii)** Tendai akauya naNyaradzo.
**iv)** Jongwe rakarira katatu.



Tsanangura kuti iwo madudzirazviito aya anoita basa rei kana kuti anotiudza nezvei chaizvo. Ita izvi uchishandisa madudzirazviito awapihwa pamusoro apo semienzaniso. **[12 ½]**

**4** Batanidza zvirevo zviri muchikwata choga choga kuita chirevo chimwe chete chakanaka.

**a)** Chiedza akanga achienda kumba. Waive musi wokuvhara chikoro. Akaita mahwekwe na- Norma pamusika. Norma aive achangobva mhiri kwamakungwa.
**b)** Takasvika pamba. Kunze kwakanga kwaedza.Utonga hwaive hwatsvuka. Shiri dzaive dzo- tsviriridza.
**c)** Ndakaona murume. Murume aiva ane mukadzi. Mukadzi aiva ane hembe. Hembe yake
itsvuku.
**d)** Enda kumba! Kurumidza! Pihwa mari! Bhadhara mari yechikoro!
**e)** Taiseka nyaya yaMatavire. Taiseka kuseka kwaMukadota. Taiseka kuseka kwedu.
**[12 ½]**

**1995**

**1** Mazwi anotevera anokwanisa kuburitsa tsananguro mbiri kana kudarika paizwi rega rega. Zvino iwe chinyora tsananguro **mbiri** dzingaburitswe paizwi rega rega.

tsuro gota guru

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

| | | |
|---|---|---|
| chema | musika | dura |
| chera | kura | rima |
| nyora | tsika | dongo |

**[12 ½]**

**2** Ongorora zvirevo izvi zvine zviito zvine mitsetse pasi pazvo. Zvino chidoma donzvo (*mood*) rezviito zvakatarwa mitsetse pasi.

**a)** Hamuchaendi kunotamba bhora nhasi.
**b)** Kuti tidye ngatishandei nesimba.
**c)** Ane banga rakapinza.
**d)** Hatibatanei pamwe chete kuti tivake dhamu redu.
**e)** Vasikana endai munodiridza maruva.
**f)** Vasikana vaye vakaenda kumunda.
**g)** Vakatukana vakarwa.
**h)** Mudzidzisi akasvika vana vachitaura muchikoro.
**i)** Ngatimhanyirei kwasabhuku kune musangano weESAP.
**j)** Vana vari kunyora bvunzo.
**k)** Musatambe nemoto vakomana.
**l)** Hondo yakarwiwa veduwe.
**[12 ½]**
**3** Nyatsoverenga zvirevo zvinotevera wozodoma mazita ezvakatarwa mitsetse pasi.



**a)** Wamaona ndiGarwe sekuru, hanzvadzi yaamai.
**b)** Akakwira pamusoro pegomo iro.
**c)** Dzinofura mugan'a imombe nembudzi.
**d)** Ndatora musikana uye mwoyo.
**e)** Vakuru vanovaka vana tsika.
**f)** Mwana atema miti yose mubindu.
**g)** Ndakasangana naye kuchitoro.
**h)** Havasakauya kuchitoro nezuro.
**i)** Mwana mukuru wasekuru vangu ndiMurombo. **[12 ½]**

**4** Ongorora mazwi anotevera wozopindura mibvunzo **(a)** na **(b)**.

| | | | |
|---|---|---|---|
| chimwe | uyu | apo | iye |
| urwo | iwe | uko | ini |
| vapi | vamwe | ichi | idzi |

**a)** Isa mazwi aya muzvikwata **zvina** zvakakodzera, ugopa zita kuchikwata choga

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

choga.

**b)** Taridza maumbirwo emazwi emuchikwata chimwe nechimwe. **[12 ½]**

**1996**

**1** Sarudza izwi rimwe chete riri muchikwata chimwe nechimwe chamazwi anotevera risinga wirirane nemamwe. Ipa chikonzero chaita kuti uti izwi rawasarudza ndiro rakasiyana nema- mwe.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **a)** uyu | iko | uyo | iri |
| **b)** gobvu | gora | gomba | gororo |
| **c)** ini | isu | umu | iwe |
| **d)** vababa | zvenyu | dzangu | vamwe |
| **e)** nyorai | zvikuru | vakadya | vapfeka |
| **f)** rimwe | voga | mumwe | upi |
| **g)** mberi | mumusha | kumunda | pamba |
| **h)** dzakanaka | refu | guru | dema |

**[12 ½]**

**2** Zadzisa pakashama;

| Zita<br><br>(Noun) | Chiverengo (Enumerative) | Chirevauwandu (Quantitative) | Chisazita (Pronoun) | Chirevamwene (Possessive) |
|---|---|---|---|---|
| muzvere | ______ | _____ | ____ | ____ |
| muti | ______ | _____ | ____ | ____ |
| bere | ______ | _____ | ____ | ____ |
| kufamba | ______ | _____ | ____ | ____ |
| Murambiwa | ______ | _____ | ____ | ____ |
| | | | | |

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| imba | _____ | ____ | ____ | ____ |

**[12 ½]**

**3** Ongorora mazita aya ugozopindura mibvunzo.

| | | | |
|---|---|---|---|
| mazwi | nyama | chingwa | kutaura |
| ndimi | baba | kure | sadza |
| mberi | seri | dzimba | Vongai |
| chando | makudo | kumunda | doro |
| huku | tsero | n'ombe | sekuru |
| kucheka | mhiri | chisi | kuda |
| duri | kunze | marara | |

**a)** Isa mazita ari mumupanda mumwe chete pawo oga. Ita izvi kusvikira ose apera.
**b)** Ipa nzira **ina** chete dzinoshandiswa mukuisa mazita mumipanda. **[12 ½]**

**4** Mazwi akatarwa mitsetse pasi pawo muzvirevo zvinotevera zviito zvakarebeswa.

**a)** <u>Kwakarovesanwa</u> zvinotyisa.
**b)** Varume <u>vanodyarururirana</u> mbeu.
**c)** Mwana uyu <u>haanyaradzike</u>.
**d)** <u>Vakatukirirana</u> vakabvisana chiri kumeso.

Zvino chitaridza zvinotevera:
**i)** mudzi wechiito
**ii)** rebeso dzechiito
**iii)** zita rerebeso imwe neimwe **[12 ½]**

**1997**

**1** Nyora mipanda yose yemazita inowanikwa muchiShona kubva pane wokutanga kusvikira pane wokupedzisira uchipa muenzaniso pamupanda woga woga, sezvizvi:

| **Mupanda** | **Chivakashure** | **Muenzaniso** |
|---|---|---|
| 1 | mu- | munhu |

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**[12 ½]**

**2** Verenga chindima chinotevera ugopa mienzaniso miviri miviri yezvidudziramazita (qualifi- catives) zvapihwa mumashure macho.

Jinda guru rimwe ndiro rakati, "Mushonga wengozi kuripa. Vanhu vazhinji vose avo vaiita ruzha havana kuzvinzwa. Mushure mekanguva jinda rokutaura riya rakasimukazve rikati, "Mushonga woga wengozi iyi kuripa." Vamwe vanhu vakazobvumirana naro.

**a)** zvipauro (adjectives)
**b)** zviratidzi (demonstratives)
**c)** zvirevamwene (possessives)
**d)** zvidudziramuiti (relatives)
**e)** zvirevauwandu (quantitatives)
**f)** zviverengo (enumeratives) **[12 ½]**

**3** Chiito chokuti /**-dyara**/ chinogona kuvandudzwa nezvivanduriro zvezviito zvakasiyana-siya- na. Nyora zvirevo uchivandurira chiito /**-dyara**/ uchishandisa zvivanduriro zvawapiwa pazasi apa.

**a)** chokuitira (applied)
**b)** chenyanyiso (intensive)
**c)** chekonzero (causative)
**d)** chekuitirana (reciprocal)
**e)** chekuitwa (passive)
**f)** chedzokororo (repetitive)
**g)** chekuitika (neuter)
**h)** chepfumvunuro (reversive) **[12 ½]**

**4** Ongorora zvirevo zvinotevera ugoita zvawanzi uite pachirevo choga choga.

**a)** Nhasi tinoenda kuHarare. (Nyora zvakare chirevo ichi kuti chive chokuramba – Negative) **(2)**

**b)** <u>Tinobaya</u> mombe iyi mangwana. (Ita kuti chiito chakatarwa mutsetse pasi chive mudonzo rekurudziro – Hortative) **(2)**

**c)** Paradzayi akaroora hanzvadzi yangu. (Nyora zvakare chirevo ichi usingashandisi chiito) **(2)**

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**d)** Vakachera mvura. (Tsanangura zvinhu zviviri zvingarehwe nechirevo ichi)
**(2)**

**e)** <u>Mutsa</u> Kudzai <u>andorimira</u> ambuya ndima yavo yenzungu. (Zviito zvine mitsetse pasi zvine zvivanduriro zvipi?) **(2)**



**f)** <u>Ha</u>zvigoni kushandurwa <u>na</u>ni zvake <u>kana</u> <u>ivo</u> baba vauno<u>reva</u>. (Mazwi namavara akatarwa mitsetse pasi pawo anonzi chii?) **(2 ½)**
**[12 ½]**

**1998**

**1a)** Ongorora mazita anotevera ugotipa kuti zita rimwe nerimwe riri mumupanda upi.

| | | |
|---|---|---|
| tete | kumusha | mberi |
| kutaura | gava | chingwa |
| muti | uroyi | nyoka |

**(4 ½)**
**b** Tsanangura nzira dzinokwana INA (4) dzatingashandise kuisa mazita mumipanda yawo **(8)**

**[12 ½]**

**2a)** Kubva mumazwi anotevera umba zvirevamwene (possessives) uchishandisa sungawirira- no yechirevamwene (possessive concord) yakasiyana pazwi roga roga.

| | | | |
|---|---|---|---|
| ini | Chipo | wako | ambuya |
| mumunda | gudo | mai | asinganzwi |
| chino | zasi | mumwe | zvitema |
| mbudzi | | | |

**(6 ½)**
**b** Zvirevamwene zvinogona kureva zvinhu zvakasiyana-siyana. Tsanangura zviri kurehwa ne- zvirevamwene zvinotevera:

<u>Sokuti</u>: mwana waamai
Zvinoreva kuti amai ndivo muridzi wemwana.

**i)** mombe yetsiru
**ii)** imba yababa
**iii)** mugomo wemvura
**iv)** chituta chomukomana **(6)** **[12**

PAST EXAM QUESTIONS 1999 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**½]**

**3** Nyora zvirevo zvisere uchishandisa dzitsi rechiito /**-baya**/ mumadonzo ezviito (*verbal moods*) anotevera:

**a)** imperative
**b)** participial
**c)** indicative
**d)** subjunctive
**e)** infinitive
**f)** hortative
**g)** potential
**h)** consecutive **[12 ½]**

**4** Mazwi ose ane mitsetse pasi pawo muzvirevo zvinotevera tingati madudzirazviito (*adverb- ials*). Nyatsoaongorora kuti agokubatsira kupindura mubvunzo unotevera:



i) Vana vakarohwa neshamhu
ii) Jongwe rakarira katatu.
iii) Vose vakaenda naamai kumunda.
iv) Paidamoyo anoperekedzwa nababa vake kuchikoro.
v) Uchamhanya setsuro ndakurova.

Tsanangura kuti iwo madudzirazviito aya anoita basa rei kana kuti anoita nezvei chaizvo. Ita izvi uchishandisa madudzirazviito awapihwa pamusoro apo semienzaniso. **[12 ½]**

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

**1999**

**1a)** Zita rokuti **bopoto** riri mumupanda 5 uye rakabva muchiito chinoti **popota**. Zvino iwe chitipa mazita ane mipanda yakadomwa anoumbwa achibva muzviito zvakapiwa.

| | |
|---|---|
| i) cheka | 5 |
| ii) tema | 9 |
| iii) enda | 11 |
| iv) chata | 3 |
| v) veza | 10 |
| vi) gara | 14 |
| vii) roya | 1 |
| viii) rima | 2 |

**(8)**

**b** Mazwi anotevera ane midzi yezviito. Zvino iwe chinyora mudzi wechiito kubva muzwi ri- mwe nerimwe.

i) kupa

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

ii) muvhimi
iii) musiki
iv) anopenga **(4 ½)** **[12 ½]**

**2** Tsanangura nzira **nhanhatu** dzokuumba nadzo mibvunzo muchiShona uchipa mienzaniso. Sokuti; Kushandisa here, sokuti Unorwara here? **[12 ½]**

**3a)** Ita kuti mazwi aya ave ma*Copulatives*

| | | |
|---|---|---|
| ini | imbwa | bere |
| amai | muHarare | wangu |
| tete | izvo | mumwe **(4 ½)** |

**b** Tsanangura uchitsigira nemienzaniso nzira INA dzekuumba nadzo ma*Copulatives*.**(8)[12 ½]**



**4** Sekuru Mavhudzi vakanga vati tisangane navaranda vatatu vaMwari, Mbonga dzapamuso- rosoro chaidzo. Idzi ndidzo dzaiita ose mabasa apamusoro pazvose. Hakuna chadzaiva dzisi- ngazivi uye zvichitoera kuti udzione.

Tsvaga zvinotevera kubva mundima iri pamusoro:
**a)** Mazita maviri omupanda 1a
**b)** Zviito zviviri zviri mu**subjunctive mood**
**c)** Zvirevamwene zviviri
**d)** Izwi rinobatanidza zvinhu zviviri (**conjunctive**)
**e)** Chidudziracḥiito chimwe chete
**f)** Chipauro chimwe
**g)** Chirevauwandu chimwe (**quantitative**)
**h)** Chiito chiri mu**Participial mood**
**i)** Izwi rimwe reranduro (**negative**)
**j)** Chiratidzi chepedyo **[12 ½]**

**2000**

**1** Ongorora kandima kanotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi pakandima aka.

Gomana riya rine manzeve anenge mugwaku wechichembere. Iyo tsvina kana murwizi chai-mo harimuzivi. Munhu haungambofungi kuti rume rakadaro ringateta mvura. Ndechipi chisi- kana chingade zvakadaro?

PAST EXAM QUESTIONS 1999 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

Muchindima chiri pamusoro mune mazita ane zvivakashure zvinotsanangura (*Secondary prefixes*) kana kuti zvinopa pfungwa dzakawanda pamusoro pezita.

**a)** Nyora mazita ose ane zvivakashure zvinotsanangudza izvi ari muchindima chawaverenga uye ugotsanangura kuti chivakashure chimwe nechimwe chinorevei kana kuti chinopa pfu- ngwa yei.
**(7 ½)**
**b)** Nyora mimwe mipanda mishanu ine zvivakashure zvinotsanangudza. Usadzokorore mipa- nda ine mazita awanyora muna **1(a)**.
**(5)** **[12 ½]**

**2** Nyatsoverenga zvirevo izvi ugopindura mibvunzo inotevera:
**a)** Mwana akarohwa naamai vake.
**b)** Sekuru vangu vanoridza mbira.
**c)** Vakomana vaungana kumba.
**d)** Uya tirongonore matanda aya.
**e)** Nyama iyi yaramba kuchekeka.



**f)** Bango iri rakanyanya kukombama.
Chirevo choga choga chiri pamusoro chine chivanduriro kana kuti rebeso. Zvino pachirevo chimwe nechimwe nyora zvinotevera:

**i)** chiito chacho chine chivanduriro kana kuti rebeso
**ii)** mudzi wechiito
**iii)** chivanduriro chacho kana kuti rebeso yacho
**iv)** zita rechivanduriro

<u>Muenzaniso</u>:

Akasekerera mwana wake.

**i)** sekerera
**ii)** –sek –
**iii)** –erer –
**iv)** perfective/ mherevedzo **[12 ½]**

**3a)** Ita kuti mazwi ose anotevera ave maCOPULATIVE.

isu nyoka iri mbuya

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| chingwa | vose | ingwe | Farai | |
| gudo | vanotambura | gava | mumwe | |
| vaduku | VaMoyo | kusina | chaDanai | **(8 ½)** |
| uno | | | | |

**b** Tsanangura kuti maCOPULATIVE anoumbwa sei. **(4)**
**[12 ½]**

**4** Verenga zvirevo zviviri izvi ugopinduramibvunzo inotevera.

Mwana uyu anopenga chete.
Mwana uyo anopenga chete.

Mazwi akatarwa anonzi zviratidzi (*demonstratives*).

**a)** Tsanangura uchitaridza kuti zviratidzi zvinoumbwa sei. **(4)**
**b)** Uchitsigira nezvirevo **zvina** tsanangura kuti izvo zviratidzi izvi zvinoreva chii kana kuti zvi- nogona kupa pfungwa dzipi. **(8 ½)** **[12 ½]**

**2001**



**1** Nyora zvivakashure (*prefixes*) nemadzitsi (*stems*) emazita anotevera:

| | | | |
|---|---|---|---|
| mhengo | chikosoro | mushauri | mwenje |
| rwendo | gumbo | njiva | vasungwa |
| meso | pasi | zano | uchi |

**[12 ½]**

**2a)** Ita kuti mazwi anotevera ave zvirevamwene (*possessives*) uchishandisa sungawirirano yechirevamwene (*possessive concord*) yakasiyana paizwi roga roga.

isu avo VaMoyo mai **(4)**

**bi)** Ronga mazwi anotevera uchiaisa muzvikwata zviviri zvakakodzera. Zvinonzi chii zvikwata izvi?

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ichi | urwo | ava | uyu | uko |
| aka | umo | iyi | utwo | **(4)** |

**ii)** Tsanangura kuti chikwata chimwe nechimwe chinoumbwa sei uchitora izwi rimwe chete somuenzaniso kubva muchikwata chega chega. **(4 ½)**
**[12 ½]**

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**3** Chiito chega chega chine mutsetse pasi pacho chine chitaridzanguva (*tense sign*) chipi? Nyora chitaridzanguva chacho uye ugodoma zita racho.

**a)** Hama dzangu dzinogara kwaSeke. **(2)**
**b)** Takasvika zuva ratodoka. **(2)**
**c)** Nguva zhinji inga taifamba tose! **(2)**
**d)** Vakaba vacharangwa zvikuru nomutemo. **(2)**
**e)** Aenda kumusha kwake. **(2)**
**f)** Ndouya neshamhu here? **(2 ½)** **[12 ½]**

**4** Nyora zvirevo **zvitanhatu** uchishandisa dzitsi rechiito /**-rova**/ nezvivanduriro zvinotevera:
**i)** Chenyanyiso (intensive) **(2)**
**ii)** Chekuitika (neuter/ potential) **(2)**
**iii)** Chemherevedzo (perfective) **(2)**
**iv)** Chekuitirana nechekonzero (reciprocal + causative) **(2)**
**v)** Chekuitira nechekuitirana (applied + reciprocal) **(2)**
**vi)** Chekuitirana, chekonzero nechekuitwa (reciprocal + causative + passive) **(2 ½)** **[12 ½]**

**2002**

**1** Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi pazvo.
**i)** Musikana uya apinda munzira akananga kutsime.



**ii)** Kufamba kwake uku achienda kudhorobha kwanyanya.
**iii)** Mukati memutswe macho mune masvosve.
**iv)** VaRunesu vakaona vanhu vachienda kumunda.
**v)** Kuraradza kwakadai kunonyadzisa baba vake.

**a)** Nyora mazita ose ari muzvirevo izvi kunyange naaya anowanikwa akabatana nezvimwe zvivakiso. **(6 ½)**
**b)** Uchishandisa mazita awanyora muna **(a)** tsanangura kuti sei mazita ane zvivakashure zva- kafanana ari mumipanda yakasiyana.
**(6 ½)** **[12 ½]**

**2** Verenga mazwi aya ugopindura mubvunzo unotevera.

PAST EXAM QUESTIONS 1999 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| zvavo | rimwe | woga | uyo | iwe |

Ipa zita reizwi roga roga rawapiwa ugotsanangura uye kuratidza maumbirwo aro.
**[12 ½]**

**3a)** Ita kuti mazwi anotevera ave zvirevamwene (*possessives*)Usadzokorora sungawirirano yechirevamwene (*possessive concord*) yawamboshandisa.

| | | | |
|---|---|---|---|
| sekuru | Chipo | rwizi | muvhimi |
| kudya | imi | avo | mbuya |
| zai | nyanga | mukombe | doro |
| shiri | | | |

**(6 ½)**

**b)** Tsanangura nokupa mienzaniso, zvinhu zvitatu zvinoreva zvirevamwene. **(6)**
**[12 ½]**

**4a)** Uchishandisa dzitsi rechiito /*-nyora*/ umba zvirevo zvipfumbamwe (9) zvinoratidza ma- donzo (*moods*) anotevera:

| | |
|---|---|
| i) rechishuwo | (subjunctive) |
| ii) rezvinogoneka | (potential) |
| iii) rekurudziro | (hortative) |
| iv) rezvanga zvichiitika/ zvaitika | (participial) |
| v) renhevedzano/ rezvinoteverana | (consecutive) |
| vi) rekutuma | (imperative) |
| vii) rekuita | (infinitive) |
| viii) rekuudza | (indicative/ principal) |
| ix) redudziramuiti/muitirwi | (relative) **(9)** |

**b)** Tsanangura nokuratidza nomuenzaniso kuti donzo redudziramuiti/ muitirwi rinoumbwa sei. **(3 ½)**
**[12 ½]**



PAST EXAM QUESTIONS 1999 - 2017 GRAMMAR

**2003**

**1a)** Nyora madzitsi chete amazwi anotevera:

| | | | |
|---|---|---|---|
| duri | mubako | mazwi | kure |
| jena | hama | chando | rwizi |
| mberi | pagomo | Marondera | rize |

**(6)**

**b** Taridza kuti /*-komana*/ inogona kushanda sedzitsi remazita emipanda yakasiyana-siyana.

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**(6)** **[12 ½]**

**2** Shandisa mazwi anotevera muzvirevo uchibudisa zvinhu **zviviri** zvingarehwa neizwi rimwe nerimwe.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| gura | nzara | chema | mumwe | |
| guru | mugomo | kutema | rara | |
| chakata | dongo | doro | rota | **[12 ½]** |

**3** Nyatsoverenga zvirevo zvinotevera wozodoma mazita ezvakatarwa mitsetse pasi.

a) Ari apo ndisekuru vangu.
b) Akabata mwana uye chibharo.
c) Zvinhu zviri apo imombe nehwai.
d) Aba mari yose mumba macho.
e) Vanhu vasingazivi vanonetsa chaizvo.
f) Mumwe murume akafambira penzura yoga kubva kwaMutare.
g) Ndotora here bhuku iri? **[12 ½]**

**4** Nyatsoongorora zvirevo izvi ugopindura mibvunzo inotevera.

Tatenda asekwa naTanaka.
Ndavatema nebadza.
Neniwo ndafara hama dzangu.
Akarohwa zvinotyisa.
Ndasekwa nenyika
Takauya nomusango chaimo.
Kambudzana ako kanoita sekatsuro.
Akachema kamwe chete.

**a)** Ipa zita rimwe chete rinotsanangura mazwi akatarwa mitsara pasi.
**b)** Tsanangura kuti izwi roga roga rakatarwa mutsara pasi riri kurevei muchirevo charakasha-ndiswa.
**[12 ½]**



**2004**

**1 a)** Nyora zvivakashure zvisere zvinotsanangudza (*secondary prefixes*) **(4)**
**b)** Tsanangura uchitaridza zvinoreva chivakashure chimwe nechimwe chawanyora pamu- soro. **(8 ½)**
**[12 ½]**

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**2a)** Ipa muenzaniso **mumwe** chete wechidudzirazita chega chega chiri pazasi:
i) chirevauwandu ii) chiverengo iii) chipauro
iv) chisarudzi v) chidudziramuiti **(2 ½)**
**b)** Tsanangura uchipa mienzaniso basa **rimwe** chete rechidudzirazita chimwe nechimwe chawanyora. **(10)**
**[12 ½]**

**3** Chiito chega chega chine mutsetse pasi chine chitaridzanguva (*tense sign*). Nyora chitari- dzanguva chacho ugodoma zita racho.
**i)** Vadzidzisi vanoenda kubasa mazuva ose.
**ii)** Vana vavo vafa vose mushure mokudya howa.
**iii)** Fadzai akadya chingwa chose.
**iv)** Mangwana tichamukira kumunda.
**v)** Rudo aida murume wake asati arwara nemukondombera.
**vi)** Sekuru vanga voda kuseka paye pandapunzika. **[12 ½]**

**4** Uchishandisa madzitsi ezviito ari muzvikomberedzo izvi, nyora zvirevo zvinosanganisa zvi- vanduriro zvakapiwa.

i) chekonzero + chekuitwa (-famba)
ii) chekuitira + chekuitirana (-tonga)
iii) chemherevedzo + chekuitwa (-cheka)
iv) chekuitika + chekuitirana (-baya)
v) chebatano + chekonzero (-bata)
vi) chepfumvunuro + chekuitira + chekuitwa (-sunga) **[12 ½]**

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

**2005**
**1** Ongorora mazita aya ugopindura mibvunzo inotevera.

| | | |
|---|---|---|
| moto | dzimba | nziyo |
| makuva | kunze | Farai |
| kuraura | meno | kure |
| kuda | ndimi | sahwira |
| muswe | mwenje | matombo |
| mhiri | kumunda | feso |
| kuroya | tete | badza |



| | | |
|---|---|---|
| zasi | gaba | shure |

**a)** Sarudza mazita ari mumupanda mumwe chete woaisa pawo oga.Ita izvi kusvikira wape- dza ose.
**(8 ½)**

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**b)** Tsanangura zvikonzero zvaita kuti uise mazita aya muzvikwata zvakasiyana-siyana. **(4)**

**[12 ½]**

**2** Nyatsongorora mazwi ari pazasi ugopindura mibvunzo inotevera.

| | | | |
|---|---|---|---|
| pfupi | mbiri | katema | |
| dete | zviduku | hobvu | pfumbu |

**a)** Pachipauro chega chega chiri pamusoro, nyora zita rinofambirana nacho, sokuti – *murefu*

**mhinduro**: <u>mukomana</u> murefu **(3 ½)**

**b)** Ipa siyano nhatu dzaunoona dziri pakati pezvipauro nemazita. **(9)** **[12 ½]**

**3** Nyora uchiita zvawanzi uite pachirevo choga choga.

**a)** <u>Ava</u> ndivo vana <u>vandinofarira</u>. (Mazwi ane mitsara pasi anonzi chii?)

**b)** <u>Ridza</u> ngoma vanhu <u>vatambire</u> mukuru wenyika ari kusvika nhasi. (Ndezvipi zvivanduriro zvashandiswa muzviito zvine mitsetse pasi pazvo?)

**c)** Rudo <u>na</u>Maidei vady<u>isa</u> nyama <u>iya</u> <u>yose</u> nembwa. (Ipa mazita ezvose zvine mitsetse pasi pazvo)

**d)** Chikoro chinovharwa mangwana. (Ita kuti chirevo ichi chive chokuramba – *negative*)

**e)** <u>Va</u>sikana <u>vatatu</u> vaka<u>end</u>a kudhorobha nezuro. (Ipa mazita ezvose zvine mitsetse pasi pazvo)

**[12 ½]**

**2006**

**1** Nyora zvivakashure uye madzitsi emazwi anotevera:

| | | | |
|---|---|---|---|
| dzvuku | seri | guyu | mano |
| zigomana | dura | nhivi | baba |
| chembere | chando | Zimbabwe | chapungu |

**[12 ½]**

**2** Nyatsoverenga ndima iri pazasi ugopindura mibvunzo inoitevera:

Gona ana gona wakewo. Iyi itsumo yakagara iriko kubva kare. Vakuru vedu vakaishandisa kutsanangura kuti shasha inogona kuwana imwe shasha inoikurira. Ndiwo magariro saka vanhu vazhinji ngatigare tichiziva izvi muhana dzedu mazuva ose.

PAST EXAM QUESTIONS 1980-2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

Kubva muchindima ichi ipa zvinotevera:

**a)** Zvirevamwene zviviri **(2)**
**b)** Zvindori zviviri **(2)**
**c)** Zviratidzi zviviri **(2)**
**d)** Zvipauro zviviri **(2)**
**e)** Chidudziramuiti chimwe chete **(1)**
**f)** Zita rimwe chete remupanda 9 **(1)**
**g)** Chiito chimwe chete chiri mudonzo rekukurudzira **(1)**
**h)** Chibatanidzi chimwe chete **(1)**
**i)** Chirevauwandu chimwe chete **(½)** **[12 ½]**

**3a)** Nyora mazita mashanu ezvivanduriro zvezviito zvaunoziva. **(2 ½)**
**b)** Nyora zviito zvishanu zvine chimwe nechimwe chezvivanduriro zvawanyora pa**(a)** ugotari- dza zvinotevera:
i) mudzi wechiito
ii) chivanduriro chacho
iii) zita rechivanduriro **(10)** **[12 ½]**

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

**4** Nyora zvirevo zvitanhatu uchishandisa zvidudzirazviito zvinotevera:

i) chechombo chakashandiswa **(2)**
ii) chebatano **(2)**
iii) chemuiti **(2)**
iv) chefanano **(2)**
v) chenguva **(2)**
vi) cheudzamu **(2 ½)** **[12 ½]**

**2007**

**1a)** Umba mazita emupanda 10 kubva pamadzitsi anotevera:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| -izi | -mba | -puka | -tapwa | -sero |
| -tiyo | -rimi | -kova | -chembere | |

**(4 ½)**

**b** Tsanangura uchipa mienzaniso nzira INA dzinobatsira pakuisa mazita mumipanda yawo **(8)**

**[12 ½]**

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**2** Ongorora mazwi anotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi pawo.

| | | | |
|---|---|---|---|
| vamwe | oga | pavo | vose |
| randinoda | yekudya | rumwe | |
| vaenda | dzasekuru | chii | |

**a)** Isa mazwi aya muzvikwata **zvina** zvakakodzera uchipa zita rechikwata chega chega. **(4)**



**b)** Tsanangura uchitaridza maumbirwo emazwi aya uchitora izwi rimwe chete semuenzaniso kubva pachikwata chimwe nechimwe. **(8 ½)**
**[12 ½]**

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

**3a)** Ita kuti mazwi aya ave zvindori.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| avo | uyu | vangu | gudo | kure |
| VaGutu | hari | tsvuku | vasingaoni | **(4 ½)** |

**b)** Tsanangura nzira **mbiri** dzekuumba nadzo zvindori muChishona kubva pane dzaunoziva. **(8)** **[12 ½]**

**4a)** Zviito zvine mitsara pasi zviri mumadonzo api?

**i)** <u>Vakaenda</u> mhiri kwamakungwa.
**ii)** <u>Kunyora</u> kwako hakufadzi.
**iii)** <u>Ndingafare</u> sei ini ndichigarotukwa?
**iv)** Tanga <u>tichifara</u> nguva dzose.
**v)** Kuti <u>tidye</u> zvakanaka tinofanira kurima.
**vi)** <u>Ngatiimbei</u> nevamwe muchechi.
**vii)** Akarohwa <u>ndokuchema</u> zvikuru.
**viii)** Vasikana <u>vakaurayiwa</u> ndevekuHarare.
**ix)** <u>Idya</u> sadza ndisati ndakurova. **(9)**
**b)** Putsa izwi rokuti /*mutswa*/ ugoratidza nokudoma zvivakiso zvakariumba. **(3 ½)**
**[12 ½]**

**2008**

**1** Nyora zvivakashure nemadzitsi emazita anotevera:

| | | |
|---|---|---|
| mhururu | ziso | zigadzi |
| mweya | uta | svana |

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

| | | |
|---|---|---|
| guru | meso | tete |
| mberi | njiri | mutauri |

**[12 ½]**

**2** Zadzisa pakashama.

| **Izwi** | **Chinan'anuri/ chisarudzi** | **Chisazitasingwi** | **Chiratidzi** | **Chindori** |
|---|---|---|---|---|
| chana | _____ | _____ | _____ | _____ |
| amai | _____ | _____ | _____ | _____ |
| dzvuku | _____ | _____ | _____ | _____ |
| kuseka | _____ | _____ | _____ | _____ |
| mbudzi | _____ | _____ | _____ | _____ |
| Gwenembe | _____ | _____ | _____ | _____ |

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

**[12 ½]**

**3a)** Ipa zita rechidudzirazita choga choga chiri pazasi.

mukuru chega
rino kumwe
vandakaona dzangu **(3)**

**b)** Tsanangura, uchipa mienzaniso, basa rimwe chete rechidudzirazita chimwe nechimwe chawanyora pamusoro. **(9 ½)**

**[12 ½]**

**4** Shandisa dzitsi /*-bata*/ muzvirevo zvine madonzo anotevera:

**i)** rekutuma

**ii)** rechishuwo

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**iii)** rekuudza
**iv)** redudziramuiti
**v)** renhevedzano
**vi)** rezvanga zvichiitika panguva iyoyo
**vii)** rekuita
**viii)** regoneko
**ix)** rekurudziro
**[12 ½]**

**2009**

**1** Pavakayambuka rwizi vakanzwa chizukuru chavaive nacho chave kuchema shure kwavo, izvo chakange chanzi pagumbo dzvi-i negarwe.Kuzviti ba sekuru vakatora museve waive mu- nhava ndokunanga garwe riya, iro ndokuviruka dziri hasha. Vasekuru vakatorazve katemo kavaive vakanda kwakadaro ndokuritema-tema.

Kubva muchindima ichi nyora mazita ose ugodoma mupanda wezita rimwe nerimwe.
**[12 ½]**

**2** Shandisa zviito zvinotevera muzvirevo uchiburitsa zvinoreva zvivanduriro zvakapiwa.

| | | |
|---|---|---|
| **i)** –nyora | (chekuitwa) | **(1)** |
| **ii)** –rova | (chekuitika) | **(1)** |
| **iii)** –tora | (chekuitira) | **(1)** |
| **iv)** –famba | (chekuitira + chekuitirana) | **(1)** |
| **v)** –buda | (chekonzero + chekuitwa) | **(2)** |
| **vi)** –gara | (chemherevedzo + chekuitwa) | **(2)** |



| | | |
|---|---|---|
| **vii)** –bika | (chekuitira + chekuitirana + chekuitwa) | **(2)** |
| **viii)** –bata | (chewadzano + chekonzero + chekuitira + chekuitwa) | **(2 ½)** **[12 ½]** |

**3a)** Ita kuti mazwi anotevera ave zvindori.

| | | | |
|---|---|---|---|
| mai | huku | ini | sadza |
| vatete | tsvuku | dema | **(3 ½)** |

**b)** Uchishandisa zvindori zvawaumba somuenzaniso, tsanangura nzira **mbiri** dzokuumba na- dzo zvindori.
**(9)** **[12 ½]**

**4** Tsanangura zvinorehwa nechidudzirachiito chega chega chine mutsetse pasi.

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

a) Baba vaenda kumunda naTaurai.
b) Anotaura kunge benzi.
c) Atumwa nababa kundorinda makudo.
d) Asvika zuva richibuda.
e) Takafamba nenzira yemusango. **[12 ½]**

**2010 (LEAKED PAPER)**

**1** Nyatsoongorora mazita anotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi pawo.

| | | |
|---|---|---|
| tezvara | rwendo | changamire |
| chisi | guyu | kuneta |
| seri | huni | churu |
| hwana | kuda | hukwe |
| ruoko | hwema | gomana |
| ziso | mberi | mhiri |
| chembere | chanza | umhutu |
| Chipo | kunyarara | rwizi |

**a)** Isa mazita ari mumupanda mumwe chete pawo ega. Ita izvi kusvikira wapedza ese. **(8 ½)**
**b)** Tsanangura nzira **INA** dzinoshandiswa mukuisa mazita mumipanda. **(4)** **[12 ½]**

**2a)** Doma zita rechidudzirazita chimwe nechimwe chiri pazasi.

i) zvose ii) rupi iii) vazhinji
iv) chii v) vanoba **(2 ½)**
**b)** Uchishandisa zvidudziramazita zviri pamusoro semienzaniso, tsanangura maumbirwo e- chidudzirazita chega chega chine zita rawadoma.
**(10)** **[12 ½]**
**3** Muzvirevo zvinotevera mune zviito zvakavandurirwa. Zvino iwe chipa;



**i)** mudzi wechiito,
**ii)** chivanduriro kana zvivanduriro zvacho,
**iii)** zita rechivanduriro chega chega.

**a)** Ndakavaona vachitukirirana patsime.
**b)** Akapetenura mupendero wenguwo yake.
**c)** Sekuru vakamubatikidza achiba.
**d)** Nzungu dzambuya dzakadyarururwa nemuzukuru wavo.

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**e)** Chawawana batisa mudzimu haupe kaviri.
**f)** Vanhu vaungana pamusha pasabhuku. **[12 ½]**

**4** Chiito chega chega chine mutsetse pazasi chiri mudonzo ripi?
**a)** Tsvakai chokwadi.
**b)** Tikabatana tingakunda.
**c)** Shandai nesimba mubudirire.
**d)** Pakisimusi tichange tichifara.
**e)** Vanoverenga vachabudirira.
**f)** Takachema tikanyarara.
**g)** Mwana wangu ave kugara.
**h)** Anofamba sedzvatsvatsva.
**i)** Ngatinyorei bvunzo tinyerere. **[12 ½]**

**2010 (REPLACEMENT PAPER)**

**1** Kubva pamadzitsi emazita anotevera nyora mazita ari mumipanda yawapiwa.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **a)** –endo | 10 | **b)** –sikana | 5 |
| **c)** –ana | 11 | **d)** –shasha | 14 |
| **e)** –seri | 16 | **f)** –ando | 3 |
| **g)** –bhora | 17 | **h)** –komana | 9 |
| **i)** –tura | 13 | **j)** –iso | 6 |
| **k)** –chembere | 5 | **l)** –tongo | 21 |
| **m)** –famba | 15 | | |

**[12 ½]**

**2a)** Ronga mazwi anotevera muzvikwata zvina. Ipa zita rechikwata chega chega.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| vapfupi | vamwe | rwupi | dema | ndomene |
| koga | zvii | rino | zana | upi |
| paye | kumwe | vose | huru | pai |
| mega | | | | |

**(4)**

**b)** Tsanangura maumbirwo emazwi aya uchitora izwi rimwe chete semuenzaniso kubva pa- chikwata chega chega. **(8 ½)**
**[12 ½]**

**3** Nyora zvirevo zvitanhatu uchirebesa dzitsi rechiito /*-bata*/ nenzira dzakasiyana-siyana. Ipa zita rerebeso yawashandisa pachirevo choga choga.
**[12 ½]**

**4** Kubva muchirevo chega chega chiri pazasi nyurura chidudzirachiito ugopa zita racho.

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**i)** Ndinoda kuenda newe kumusha. **(2 ½)**
**ii)** Vana vose vakanyora mhinduro nepenzura. **(2)**
**iii)** Vakomana vaya vokuba vakasungwa nomupurisa. **(2)**
**iv)** Chikomana chakanzvenga senyenganyenga. **(2)**
**v)** Sekuru vakauya muchando vakaona nhamo. **(2)**
**vi)** Akarohwa chaizvo akatiza pamba. **(2)** **[12 ½]**

**2011**

**1a)** Nyora madzitsi chete emazita anotevera:

| | | | |
|---|---|---|---|
| hwana | dapi | nhope | dzikana |
| nyasi | Gondo | nyoka | hari |
| panze | mwoto | chengo | nhunzi |

**(6)**

**b)** Shandisa dzitsi /-*kadzi*/ kuumba mazita emipanda inotevera:

1, 2, 5, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 13, 14, 19, 21 **(6 ½)** **[12 ½]**

**2** Verenga ndima iri pazasi ugopindura mibvunzo inotevera:

Ini ndomene, ndinoona vanhu vazhinji vachitamba mutambo wenhabvu asi Farai ndiye mu- tambi mumwe anonyatsonditsikira bhora. Pane vakomana vaviri vaanotamba navo vandino- shaya kuti vangatambe mutambo upi nokuti vanoti vakawana bhora voshaya kuti voita chii naro.Matambiro avo anosiyana kwazvo neemazuva ano. Vese vanoona vakomana ava vachi- tamba vanotenderana neni.

Kubva muchindima ichi nyora zvinotevera:

**i)** zvipauro zviviri **(2)**
**ii)** zvirevamwene zviri **(2)**
**iii)** zvisarudzi/ zvinan'anuri zviviri **(2)**
**iv)** zviverengo zviviri **(2)**
**v)** zvirevauwandu zviviri **(2)**
**vi)** chidudziracihito chimwe chete **(1)**
**vii)** chindori chimwe chete **(1)**
**viii)** chiratidzi chimwe chete **(1)** **[12 ½]**

**3a)** Nyora midzi yezviito zvinotevera:



| | | |
|---|---|---|
| kudya | vacharima | mupe |
| havadi | roodza | rinoba |

**(3 ½)**

**b)** Rebesa dzitsi rechiito /-*bata*/ nenzira nhanhatu dzakasiyana. Ita izvi uchishandisa rebeso imwe chete muchirevo chega chega. Doma zita rerebeso yawashandisa muchirevo chega chega.

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**(9) [12 ½]**

**4** Chiito chega chega chine mutsetse pasi chiri mudonzo ripi?

**a)** Haachafambi nenzira iyi zvakare.
**b)** Teerera unzwe kuimba kwevana.
**c)** Ndingafare ukauya.
**d)** Fambisa unomutora.
**e)** Akasimuka akataura nyaya yake.
**f)** Baba vakasvika mai vachibika huku.
**g)** Munashe ari kunyora bvunzo achifara.
**h)** Ane pfumo rakapinza.
**i)** Hatibatanei tivake kereke. **[12 ½]**

**2012**

**1** Ongorora mazita anotevera ugopindura mibvunzo iri pasi pawo.

| | | |
|---|---|---|
| meso | mainini | kure |
| ndimi | seri | marara |
| mberi | mazai | sadza |
| chando | tsero | Taurai |
| hova | mhiri | kudya |
| kutamba | kunze | kumunda |
| zizi | chingwa | chisi |
| dzoro | sekuru | kucheka |

**a)** Isa mazita ari mumupanda mumwe chete pawo oga. **(8 ½)**
**b)** Ipa nzira **ina** chete dzinoshandiswa mukuisa mazita mumipanda yawo. **(4)**
**[12 ½]**

**2** Nyatsoverenga zvirevo zvinotevera wozodoma mazita ezvakatarwa mitsetse pasi.

**a)** Iri ibasa reavo vakafunda.
**b)** Vakaenda kumusha nebhazi.
**c)** Ndinotenda wakandinzwisisawo.
**d)** Ndinotenda iwe Musikavanhu.
**e)** Pano ndina baba vangu muno mugan'a.



**f)** Havasakauya kumusha gore rapera
**g)** Varidya sadza romene nenyama.

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

**h)** Tavaona vachi<u>famba</u>.
**i)** Nyaya <u>iyi</u> ndinoiziva.
**[12 ½]**

**3a)** Nyora zvirevamwene zvipfumbamwe asi usingadzokorore sungawirirano yechirevamwe- ne nedzitsi rechirevamwene.
**(4 ½)**
**b)** Tsanangura, uchipa mienzaniso, mabasa mana ezvirevamwene aunoziva. **(8)**
**[12 ½]**

**4** Chiito chekuti /*-gara*/ chinogona kuvandudzwa nezvivanduriro zvezviito zvakasiyana-siya-na. Nyora zvirevo uchishandisa chiito ichochi nezvivanduriro zvawapuwa.

**a)** chenyanyiso **(1)**
**b)** chekuitirana **(1)**
**c)** chekuitika **(1)**
**d)** chekuitira **(1)**
**e)** chemherevedzo + chekuitwa **(2)**
**f)** chekonzero + chekuitirana **(2)**
**g)** chekuitira + chekuitirana **(2)**
**h)** chekonzero + chekuitirana + chekuitwa **(2 ½)**
**[12 ½]**

**2013**

**1a)** Isa mazita anotevera mumipanda yawo.

| | | |
|---|---|---|
| amainini | mweni | rwatata |
| tusikana | kuenda | zidombo |
| svimbudzi | mano | kuchikoro |
| mushonga | tsero | vatezvara |
| padyo | utsanana | Chishamiso |
| svinga | nyasi | |

**(8 ½)**
**b)** Tsanangura nzira **mbiri** dzinoshandiswa kuisa mazita mumipanda yawo.Ipa muenzaniso panzira yega yega.
**(4)** **[12 ½]**

**2a)** Isa zvidudziramazita zvinotevera muzvikwata zvakakodzera ugodoma zita rechikwata chimwe nechimwe:

| | | |
|---|---|---|
| pai | chino | rwose |

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

| | | | |
|---|---|---|---|
| ndomene | mupi | murefu | |
| nhete | vega | kumwe | |
| riya | zvimwe | gobvu | **(6)** |



**b)** Tsanangura, uchishandisa muenzaniso umwe chete kubva muchikwata choga choga mau- mbirwo echikwata choga choga. **(6 ½)** **[12 ½]**

**3** Patsanura chiito chinoti **vacharirongedzera** uchiratidza zvivakazwi zvese zviri machiri. Zvi- no chidoma zita rechivakazwi chimwe nechimwe chawanyora.
**[12 ½]**

**4** Tsanangura nzira **nhanhatu** dzokuumba nadzo mibvunzo, sokuti:

Kushandisa /-ani?/
Ndiani adya sadza rangu? **[12 ½]**

**2014**

**1a)** Nyora zvivakashure zvemipanda inotevera:

2, 2a, 11, 13, 15, 16, 19, ne21. **(4)**
**b)** Tsanangura zvinoreva chivakashure chimwe nechimwe chawanyora pa**(a)** ugopa mue- nzaniso wezita pamupanda wega wega. **(8 ½)**
**[12 ½]**

**2a)** Ipa zita rechidudzirazita chega chega chiri pazasi.

| | | | |
|---|---|---|---|
| iyi | vatsvuku | rwese | |
| zvipi | yokuvhimisa | mumwe | **(3)** |

**b)** Tsanangura, uchipa mienzaniso, basa rimwe chete rechidudzirazita chimwe nechimwe chawanyora pamusoro. **(9 ½)**
**[12 ½]**

**3** Mazwi ane mavara makobvu muzvirevo zvinotevera zviito zvakarebeswa.

a) Chawawana **batisa**, mudzimu haupi kaviri.
b) Varume **vakarovesana** nemheni.
c) Nyama **yakachekererwa** muhari naamai.
d) **Akasungunurira** mbudzi yake padare.
e) **Vakabatanidzira** nhumbi dzavamwe pakuburuka bhazi.

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

Zvino chinyora zvinotevera:

**i)** mudzi wechiito chega chega chakanyorwa nemavara makobvu.
**ii)** rebeso dzezviito dzakashandiswa pachiito chega chega.
**iii)** zita rerebeso imwe neimwe yawaratidza pa**(ii)**. **[12 ½]**



**4** Nyora zvirevo **zvitanhatu** uchishandisa chidudzirachiito chakasiyana pachirevo choga cho- ga. Doma zita rechidudzirachiito chimwe nechimwe chawashandisa.

**Muenzaniso**: chomuiti
**Chirevo**: Arohwa nababa.
**[12 ½]**

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

**2015**

**1** Nyora madzitsi emazita anotevera:

| | | | |
|---|---|---|---|
| musoro | mweni | badza | chirugu |
| tsvimborume | rwana | tukomana | kutsime |
| Mugadza | nyoka | makarwe | kakadzi |

**[12 ½]**

**2** Ongorora mazwi anotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi pawo:

| | | | |
|---|---|---|---|
| kamwe | aka | wese | zvii |
| zvomene | itwo | imo | izvi |

**a)** Isa mazwi aya muzvikwata zvawo ugodoma zita rechikwata choga choga chawanyora. **(4)**
**b)** Tsanangura, uchipa muenzaniso, maumbirwo echikwata chimwe nechimwe chawaumba pa**2a)** **(8 ½)**
**[12 ½]**

**3** Verenga ndima iri pazasi ugopindura mibvunzo inotevera:

Haafaniri kusateerera kana kunetsa baba namai vake. Vakamutamburira kwazvo vasina aivabatsira nemari. Kana asingadi chikoro ngaarege uye atame nhasi chaiye.

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

Nyora zvinotevera kubva mundima:

**i)** zvibatanidzi zvitatu **(3)**

**ii)** zvidudzirazviito zvitatu **(3)**

**iii)** zviumbazwi zveranduro zvina **(4)**

**iv)** midzi yezviito zvishanu zvaunozvisarudzira **(2 ½)** **[12 ½]**

**4** Muzvirevo zvinotevera doma donzo rechiito riri kuburitswa nedzitsi /-*famba*/ pachirevo choga choga.

i) Famba murugare.
ii) Mwana haangafambe nenzara.
iii) Ndavaona vachifamba nemusango.
iv) Chipo akasimuka akafamba.

v) Hwai yakarohwa kuti ifambe.
vi) Hazvina kufamba zvakanaka.
vii) Baba vakafamba rwendo rurefu.
viii) Madzimai akafamba akadzoka.
ix) Ngatifambe zuva risati radoka.

**[12 ½]**

**2016**

**1a)** Ongorora mazita anotevera ugopindura mubvunzo unotevera:

| | | |
|---|---|---|
| mhuri | bere | chikoro |
| kasoro | kutumira | denga |
| gumbo | VaShe | vatezvara |
| makore | hari | muchipatara |
| mumunda | chura | kuda |
| n'anga | kacheche | meno |
| kuroya | matura | chamupupuri |
| VaChipunza | mumba | kaharahwa |

Ronga mazita aya muzvikwata uchiisa ari mumupanda mumwe chete pawo ega uchidoma mipanda yacho pachikwata chega chega chawaumba.
**[12 ½]**

**2a)** Nyora mhando yechidudzirazita chimwe nechimwe pane zvinotevera:

i) yomuridzi ii) zvimwe iii) vose



PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

iv) chipi v) murefu vi) aka **(6)**

**b)** Sarudza mhando **nhatu** dzezvidudziramazita zvawadoma pamusoro, ugotsanangura mau- mbirwo azvo uchipa muenzaniso pamhando yoga yoga. **(6 ½) [12 ½]**

**3a)** Rebesa **zviito** zvinotevera **nemhando dzerebeso dzakapihwa** muzvikomberedzo.

i) dyara (yedzokororo) ii) mhanya (yenyanyiso) iii) bata (yegoneko) **(3)**
iv) seka (yemherevedzo) v) peta (yepfumvunuro) vi) kunda (yekuitwa) **(3)**
vii) sunga (yesakiso/ yekonzero) viii) tuma (yekuitira) **(2)**
ix) famba (yekuitira+ yekuitwa) **(1)**
x) rova (yesakiso/ yekonzero + yekuitirana + yekuitwa) **(2 ½) [12 ½]**

**4a)** Doma zviwedzerwa zvezvindori zvakashandiswa mumazwi anotevera:

| | | |
|---|---|---|
| itsoro | ndiTinashe | ndevasingazivi |
| ndavamwe | havo | rukova |

**(3)**



**b)** Tsanangura kuti zviwedzerwa zvezvindori zvawapa pamusoro zvinoshanda nezvizita nezvi- dudziramazita zvipi? Tsigira nemienzaniso yakakodzera. **(9 ½) [12 ½]**

**2017**

**1** Ongorora mazita anotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi pawo:

| | | | |
|---|---|---|---|
| mwenga | kutya | kuimba | tete |
| uroyi | Rudo | ruva | sadza |
| kufa | murume | mukoti | ugaro |
| detembo | utsanana | Kuda | |

**a)** Isa mazita ari mumupanda mumwe chete pawo oga ugodoma mupanda wacho. Ita izvi kusvika waronga mazita ose akapiwa. **(7 ½)**

**b)** Tsanangura, uchipa mienzaniso, nzira mbiri chete dznoshandiswa pakuisa mazita mumipa nda. **(5)**
**[12 ½]**

**2** Ongorora zvidudziramazita zviri pazasi ugopindura mibvunzo inotevera:

| | | |
|---|---|---|
| uno | vababa | dema |
| dzangu | zvikuru | wemombe |

PAST EXAM QUESTIONS 1999 - 2017 GRAMMAR

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

refu rupi vaye

**a)** Ronga zvidudziramazita izvi muzvikwata zvitatu zvakakodzera. **(6)**
**b)** Tsanangura uchiratidza maumbirwo emazwi ari muchikwata choga choga uchitora izwi rimwe chete semuenzaniso kubva pachikwata chimwe nechimwe.
**(6 ½)** **[12 ½]**

**3** Verenga zvirevo zvakapiwa pazasi wozopindura mibvunzo inozvitevera:

**a)** John achapa amai mari.
**b)** Kakomana kaipeta mbatya kane utsanana.
**c)** Varume avo voenda kudare.
**d)** Vana vechikoro vanga vachiimba pavasvika.
**e)** Chipo arongedza mbatya dzemwana.
**f)** Vana vanonyadzisa vabereki vavo.

Kubva pachiito choga choga chine mutsetse nyurura zvinotevera kubva machiri;
**a)** chiratidzamuiti
**b)** chiratidzanguva, ugodoma zita racho
**c)** mudzi wechiito, usina rebeso
**[12 ½]**



**4a)** Ita kuti mazwi akapiwa pazasi ave zvindori:
imi chino godo musikana **(6 ½)**

**b)** Uchipa mienzaniso yakakodzera, ratidza kuti zviwedzerwa zvezvindori zvinotevera zvino- shanda nemazwi api pakuumba zvindori:
**i)** ndi-
**ii)** Hwidzazwi (H) **(6)**
**[12 ½]**

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR

**Muunganidzwa wemibvunzo ino wakaitwa naChimuka Rangarirai Gibson.**
**[HOD SHONA – RCZ NYASHANU HIGH SCHOOL, BUHERA, MANICALAND]**

**THE CHIEF –** *chiefchimuka@gmail.com* **– 077 351 2497** *OR* ***071 846 3939***

**NB – Mhosho dzingasanganikwa nadzo mumuunganidzwa uno dzemukurova tapureta aiwa dzinogamushirwa chose, kukanganisa kuri muvanhu, kumuzinda**

Download more resources like this on ECOLEBOOKS.COM

hakuna woko.

MUUNGANIDZWA UNO NGAUBATSIRE VANA PAMWE NEVADZIDZISI VEMUTAURO.

PAST EXAM QUESTIONS 1989 - 2017 GRAMMAR